



Avi Benefis ki Disponib Daprè M.G.L. Chapit 175M Konje Fanmi ak Medikal Peye

Konje ki disponib

Moun ki konsène yo ka gen dwa pou mande yon konje fanmi oswa konje medikal peye pou rezon ki dekri anba la yo:

- jiska 20 semèn konje medikal peye nen yon lane benefis si yo gen yon pwoblèm sante grav ki anpeche yo travay;
- jiska 12 semèn konje familyal peye pandan yon ane benefis ki gen pou wè ak nesans, adopsyon oubyen plasman nan fanmi dakèy yon timoun, pou swen yon manm fanmi w ki gen yon pwoblèm sante ki grav oubyen poutèt yon egzijans ki kalifye ki abze sou lefèt ke yon manm fanmi w nan sèvis aktif oubyen li te resevwa yon notifikasyon yo pral rele l nan pa lontan pou sèvis aktif nan lame;
- jiska 26 semèn konje familyal peye nan yon ane benefis pou okipe yon manm fanmi ki nan lame epi ki anba pwoteksyon, ki gen yon pwoblèm sante grav.

Moun ki pwoteje yo elijib pou yon maksimòm de 26 semèn ototal, globalman, konje peye familyal nan yonsèl ane benefis.

Benefis yo

Pou finanse benefis PFML yo, anplwayè yo gendwa retire kontribisyon pewòl yo pou jiska 0.318% (ajiste chak ane) nan salè yon moun ki gen asirans oubyen lòt lajan li touche toujou. Lajan yon moun ki gen asirans touche anmwayèn nan yon semèn pral detèmine montan beenfis li, pou yon benefis maksimòm nan yon semèn ki ka rive jiska \$1,129.82 (ajiste chak ane).

Kimoun ki gen Pwoteksyon Asirans Daprè Lalwa?

Anjeneral, yon anplwaye kalifye antanke moun ki gen pwoteksyon ki elijib pou mande konje familyal ak medikal peye si:

- Li gen pwoteksyon yon asirans chomaj nan Massachusetts epi li touche salè nan men yon anplwayè Massachusetts; oswa
- Li se yon moun k ap travay pou kont li ki rezide epi travay Massachusetts epi li chwazi enskri nan pwogram la; epi
- Li touche plis pase 30 fwa benefis ki te prevwa a epi plis pase \$6,000 (ajiste chak ane) nan 4 trimès konplete ki sot pase yo ki vini anvan dat li aplike pou benefis la.

Pwoteksyon Travay

Anjeneral, yon anplwaye ki te pran konje fanmiyal oswa medikal peye dwe tounen nan pozisyon li te gen anvan an oubyen nan yon pozisyon egal, nan menm nivo, menm salè, benefis anplwa, kredi dire sèvis li ak ansyènte apatide dat konje a.

Pwoteksyon travay sa yo pa aplikab pou ansyen anplwaye yo, kontraktè endepandan oswa moun ki travay pou kont yo.

Asirans sante


Anplwayè yo dwe kontinye peye epi kontribye nan benefis asirans sante anplwaye a ki gen pou wè ak anplwa li, anba kondisyon yo ke pwoteksyon an ta kontinye peye si anplwaye a te kontinye travay pandan dire konje peye a.

Reprezay oswa Diskriminasyon Entèdi

- Li ilegal pou yon anplwayè fè diskriminasyon oswa reprezay kont yon anplwaye pou egzèe nenpòt dwa li gen dwa genyen daprè lalwa.
- Yon anplwaye oswa ansyen anplwaye ki vitkim diskriminasyon oswa reprezay poutèt li te egzèse dwa li genyen daprè lalwa gen dwa, anvan 3 lane fin pase aprè vyolasyon an rive, entwidui yon pwochè sivil devan tribinal siperyè, epi li gendwa gen dwa resevwa domaj ki omwens 3 fwa montan salè li pèdi a.

Plan Prive yo

Si yon anplwayè ofri anplwayekonje peye familyal, konje peye medikal oubyen toulede alafwa, ak benefis ki omwen jenere tankou sa lalwa otorize yo, anplwayè a gendwa aplike pou yon egzansyon pou l pa bezwen peye kontribisyon yo. Anplwaye yo ap kontinye resevwa pwoteksyon kont diskriminasyon ak reprezay daprè lalwa, menm lè yon anplwayè chwazi pou ofri benefis konje peye atravè yon plan prive.



Si ou gen kesyon oswa preyokpasyon osijè dwa Konje Peye Familyal oswa Medikal ou yo, tanpri rele nan:(833) 344-7365 oubyen la gade nan: <https://www.mass.gov/DFML>

Avi sa a dwe afiche yon kote tout moun ka wè l sou lye travay anplwayè a.

